

LYNN PUBLIC SCHOOLS  
*Excellence and Innovation in Education*



Manyèl Pou Paran  
Sant Pou Aksè Lakay

Septanm 2013

Ou ka trouve lyen pou Sant Aksè Lakay la na paj entènèt Lekòl Piblik Lynn lan ki se [www.lynnschools.org](http://www.lynnschools.org).

Klik sou Resous ak Pou Paran.

Klik sou opsyon pou Sant Aksè Lakay la.

Siw gen kesyon ou problem pou rantre nan SANT AKSÈ LAKAY la, tanpri pa pè rele Liy pou Sekou a lendi a jedi de 8am a 8pm e vandredi de 8am a 3pm.

Nimero Liy Sekou a: 781-268-4087

## Entrodiksyon

### Kisa Sant Aksè Lakay la ye?

Byenveni nan Sant Aksè Lakay la ou HAC, pou pi kout. Nou espere ou pral trouve manyèl antrenman sa-a itil e edikatif e answit kòm referans pou fonksyon espesifik.

Sant Aksè Lakay la konekte ak Sant Aksè pou Profesè e system kanè eskolè elektronik ke profesè yo itilize. Li kreye pou li fasil a itilize e tou pou profesè, responsab lekòl yo ak paran pataje enfòmasyon.

Nou bay paj entènèt Sant Aksè Lakay la espesyalman pou paran elèv nan Lekòl Piblik Lynn yo pou ede nan komunikasyon enfòmasyon edikatif enpòtan.

Nou divize manyèl entrènman an dapre yon apròch pa “etap” pou asistew nan itilize program lan. Nou bay anpil ti kadran pouke ou genyen yon gid aswiv e yon manyèl itil anplis prosesis edikatif la.

Nou espere dokiman sila pral edew nan bon jan komunikasyon avèk profesè yo, anplwaye yo, e plis enpòtan, avèk pitit ou yo.

### Kisa mwen pral rive fè nan Sant Aksè Lakay la?

Ou ka wè orè pitit ou a, Travay li nan Klas, Dosye Prezans li, Rapò Progrè Enterim, Kanè Eskolè, Enskripsyon (Demografik) e Enfòmasyon sou Transpò.

Wap kapab imèl profesè pitit ou a, anplis ou ka wè ak fè kopi dosye pitit ou a. Men, ou pap ka ajoute ou chanje enfòmasyon nan Sant Aksè Lakay la (HAC). **Si ou jwenn enfòmasyon ki pa kòrèk ou ki pa konplè, tanpri kontakte lekòl la pouw fè ekri ou korije enfòmasyon an.**

**NOT: Kèk fwa, enfòmasyon wap gade a pral monte nan ti fenèt. Si ou gen program pou bloke ti fenet yo ou si ou itilize Google ou Yahoo! tanpri fèmen li ou bay li pèmisyon pou kite ti fenèt yo (pop-ups) ouvè pouw ka wè paj entènèt la.**

Nap fèw konnen ke Sant Aksè Lakay la pral fèmen poutèt li apre 20 minit konsa.

### Èske Lòt Moun Ap Ka Wè Enfòmasyon Pitit Mwen an?

Enfòmasyon pitit ou a an sekirite e sèlman moun ki gen non e mo pas nan system lan ka rantre nan HAC la e wè enfòmasyon pitit ou a. Se non ou sèvi ak mo pas ou a ki baw aksè nan dosye pitit ou a. Nap siplyew pou sere non ou itilize a ak mo pas ou a nan yon kote ke yo proteje.

## Kisa Non ak Mo Pas Mwen an Ye?

Paran/gadyen yo dwe anrejistre pouke yo ka rantre nan HAC la. Pou asire sekirite ak byennèt elèv nou yo, **nou ekzije ke moun enskri an pèsòn avèk foto idantite pouke nou kitew enskri nonw ak mo pas nan sistem lan.** Profesè pitit ou-a paka aksepte fòm enskripsyon HAC la. Se nan direksyon lekòl pitit ou a ke ou dwe pote-l ale e yo pral verifye foto idantite-a.

**Empòtan** – Imedyatman nou fin verifye ak antre enfòmasyon ou bay la, ou pral resevwa kèk jou apre non ak mo pas ou nan yon imèl pou Aksè Lakay la. Lè ou resevwa non ak mo pas la, ou pral ka rantre nan Sant Aksè Lakay la a travè paj entènèt Lekòl Piblik Lynn lan: [www.lynnschools.org](http://www.lynnschools.org) e klik sou bouton Resous la, Pou Paran e liy pou Sant Aksè Lakay la.

Pou ran li fasil pou ou, ou ka enskri pou HAC la pandan Reyinyon Paran nan lekòl pitit ou a:

Breed –18 Septanm

LVTI – 9 Oktòb

Pickering – 9 Oktòb

LEHS – 10 Oktòb

Apre Reyinyon Paran an ou ka enskri nenpòt ki lè an pèsòn nan direksyon lekòl pitit ou a.

Siw gen kesyon oubyen ou blye non ak mo pas la, tanpri rele Sant Enfòmasyon-an nan 781-268-4087.

## Ki Program ak Ekipman Ki Pi Piti Mwen Bezwen Pou Sant Aksè Lakay la?

Ou ka itilize nenpòt òdinatè ki gen entènèt ou telefòn entelijan pou rantre nan HAC la.

Program Minimum pou rantre nan Sant Aksè Lakay (HAC) la se:

Internet Explorer 6.0 ou Sak Plis Avanse pou “Windows” ou “Macintosh”

Netscape Navigator 6.0 ou sak plis avanse

Opera 6.0 ou sak plis Avanse

Firefox 3.x

Safari 1.0 ou sak plis Avanse


Enprimè – si ou vle enprime enfòmasyon ou wè sou Ekran an

Tanpri asire ke siw itilize program ki bloke fenèt ou system kòm Google ou Yahoo! Toolbar, ke yo pèmèt fenèt pou Sant Aksè Lakay la ouvè.

## Avan ou kòmanse....

### Tablo Prensipal

Lè gid sila pale de tablo prensipal lap pale de tablo referans ki bò goch chak ekran nan **Sant Aksè Lakay la**.




### Banyè

Banyè chak ekran se pòsyon anlè chak paj entènèt yo. Depann de sou ki paj ou ye, banyè a ka chanje.

### Lyen pou Debranche

Chak paj entènèt gen yon lyen ki di **Debranche (Log Out)**. Li anlè bò dwat banyè ki sou chak paj.



### Lyen pou lòt aplikasyon yo

Lyen pou lòt aplikasyon yo, kòm "PaymentsPlus" ki se paj pou peye manje nan Lekòl Piblik Lynn, ap nan tablo prensipal la. Lèw klik lyen sila, yon lòt ekran pral ouvri avèk paj entènèt sila.

Men tou, ou pral gen yon lyen pou paj entènèt lekòl elèv la.

**Not:** Apre ou klik sou yon lyen ki kondwi ou nan lòt paj entènèt, ou toujou branche nan **Sant Aksè Lakay la**. Li rekòmande pou debranche sou "eSchoolPLUS" la lè wap kite **Sant Aksè Lakay la** ou lèw kite konpitè ou-a limen san'l pap sèvi.

## Deklarasyon sou Kenbe Enfòmasyon Prive

Deklarasyon Lekòl Piblik Lynn nan zafè prive aksesib anba chak paj nan **Sant Aksè Lakay la**. Men kisa deklarasyon-an di kòm nou pral wè a:

## Home Access Center Privacy Statement

Information contained herein is released only in accordance the Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA). It is the policy of Lynn Public Schools not to discriminate on the basis of sex, disability, race, religion, color, gender, age, or national origin in its educational programs and/or activities including career and technology programs, nor in its employment practices.

## Deklarasyon Lavi Prive Sant Aksè Lakay La

Enfòmasyon sila yo bay sèlman dapre Dwa Fanmi nan Edikasyon e Ak Lavi Prive (FERPA). Se règ nan Lekòl Piblik Lynn ke nou pa diskrimine sou baz sèks, andikap, ras, relijyon, koulè po, zafè fanm ak gason, laj ak peyi orijin nan program edikatif yo e/ou nan aktivite tankou karyè, program teknoloji, ni nan fason you anplwaye moun.

## Règ ak Kondisyon

Règ ak kondisyon nan Lynn Piblik Lynn yo aksesib si ou desann anba nenpòt paj nan **Sant Aksè Lakay la**. Men deklarasyon an:

## Home Access Center Terms of Use

Home Access Center is intended for the use of parent/legal guardian of the student(s) or the student. The username and password used to access the information contained herein should not be shared with unauthorized individuals. Access to this information is limited under the Federal Education Right to Privacy Act (FERPA). Failure to abide by these Terms of Use may result in denial of access to the system.

**Tèm Itilizasyon Sant Aksè Lakay la:** Sant Aksè Lakay la se pou itilizasyon paran/gadyen legal etidyan ou etidyan pou prop tèt li. Ou pa dwe bay moun ki pa otorize non ou itilize ak mo pas ou sèvi pou gen aksè a enfòmasyon sila yo. Aksè a enfòmasyon yo limite anba Dwa Federal nan Edikasyon e Ak Lavi Prive a (FERPA). Vyolasyon règ sila ka okazyone ke ou pèdi aksè nan sistèm lan.

## Kòman pou branche nan Sant Aksè Lakay la?

1. Navige nan [www.lynnschools.org](http://www.lynnschools.org)
2. Klik sou Resous, Pou Paran, eSchool Plus Sant Aksè Lakay
3. Klik sou Branche “Login”
4. Ekri non itilizatè ou-a nan kote ki di “**Username**” e mo pas ou-a kote ki di “**Password**”la. Mo pas se **bagay sekre**.

**Not:** Ou dwe enskri e montre foto'w nan lekòl pitit ou-a pou ka resewwa yon non ak mo pas.

5. Peze bouton branche (**LOG IN**) a.
6. Prochen ekran gen 2 rezilta:  
Si se premye fwa ou branche sou **Sant Aksè Lakay la**, yo pral mandew chwazi 2 kesyon sekirite ak repons.
7. Peze bouton **KONTINYE** a aprè ou fini ak pati sila..

Kan ou fini ranpli kesyon/repons pou sekirite-a oubyen ou te branche avan e rantre kesyon/repons pou sekirite yo, ou pral wè kounye-a swa yon ekran ki gen non tout elèv ou yo ki nan lise (Middle oruHigh School) nan LPS oubyen ou prale tou dwat nan ekran **Rezime Jou-a (Daily Summary)** pou elèv.

Si ou gen plis ke yon elèv, jis klik sou non elèv ou ta renmen wè enfòmasyon-an.

## Kòman pou Manevre nan Sant Aksè Lakay la

### Rezime Jou A

[Lyen Rezime Jou-a \(Daily Summary\)](#) se premye lyen tou nan tablo prensipal la.

Klik sou lyen **“Daily Summary”** pou wè:

- **Prezans pou Jou a** – ou pral wè yon bagay ekri SÈLMAN SI pitit ou a te absan ou an reta. Sinon, ou pap wè anyen. Mesaj “Okenn enfòmasyon pou prezans pou elèv la te rantre Jodi-a” pral parèt si elèv la vi-n lekòl.
- **Travay nan Klas pou SemènSila** – sa montre ki devwa nan klas ke profesè pitit ou a bali POU SEMÈN SA -A.
- **Orè Jodya** – montre orè pou jou sa a. Li ka chanje dapre jou-a ou period ekzamen.

**Not:**

Travay nan klas ap sèlman parèt isit si profesè elèv la piblye tatraj klas la.

- **"Pa Gen Devwa Nan Klas Pou Remèt semen sila"** pa vle toujou di ke pitit ou a pa gen devwa mezon! Sa vle sèlman di ke profesè a pat mete devwa a nan Sant Aksè Lakay.
- Devwa pou semèn pase yo e nòt pou tout devwa yo, ti tès ak ekzamen yo la pou wè si ou klik sou lyen nan tablo prensipal ki rele **Devwa nan Klas (Classwork)**.

Help | Log Out
**Daily Summary for Thursday, September 12, 2013**

#### Today's Attendance

No attendance information has been entered for this student today.

#### Today's Schedule

Period	Course	Description	Teacher	Room
A (07:45 AM - 08:38 AM)	LM451 - 11	<a href="#">Social Studies 7</a>	<a href="#">Meechin, Christopher</a>	2A30
B (08:38 AM - 09:28 AM)	LM251 - 12	<a href="#">Mathematics 7</a>	<a href="#">White, Alexandria</a>	2A47
C (09:30 AM - 10:18 AM)	LM163 - 7	<a href="#">Structured Lang &amp; Lit</a>	<a href="#">Jesus D'Amico, Elizabeth</a>	1A50
D (10:20 AM - 11:08 AM)	LM351 - 3	<a href="#">Life/Phys Sci 7</a>	<a href="#">Rodriguez, Roy</a>	2B11
E (12:35 PM - 01:23 PM)	LM501 - 6	<a href="#">Music grade 7</a>	<a href="#">Laprise II, Richard</a>	1E39
F (11:10 AM - 12:33 PM)	LM151 - 9	<a href="#">English Lang &amp; Lit 7</a>	<a href="#">Gidaris-Papantonakis, Val</a>	2A05
G (01:25 PM - 02:15 PM)	LM692 - 2	<a href="#">French 1A</a>	<a href="#">Navleris, Akrivi</a>	2E02

#### Classwork For This Week

Course	Description	Teacher	Date Assigned	Date Due	Assignment
LM451 - 11	<a href="#">Social Studies 7</a>	<a href="#">Meechin, Christopher</a>		09/11/2013	<a href="#">worksheet</a>

## Kominikasyon nan Imèl avèk profesè yo:

*Tanpri li règleman sou mwayen kominikasyon sila!*

Siw klik sou non nenpòt nan profesè yo ki nan orè elèv la ou sou dewwa nan klas, ou ka voye yon imèl bay profesè a pou rezon ki mansyone nan regleman yo.

Jis klik sou non profesè a e program imèl ki enstale nan òdinatèw la pral kreye yon nouvo paj mesaj pou profesè-a.

Si ou li imèl ou avèk AOL, Yahoo! Mail, Google ou yon lòt konpayi entènèt, donk ou pap ka voye imèl la otomatikman lè ou klik sou non profesè-a. Ou pral bezwen kopye imèl profesè-a e ajoute li nan liv adrès imèl ou nan entènèt pou ka voye imèl bay profesè-a nan konpayi entènèt ou-a e non nan Sant Aksè Lakay la.

Orè

Peze sou **Orè (Schedule)** nan tablo prensipal la pou wè orè pitit ou-a pou tout ane-a.


NOT: Sa-a pral diferan de sa ou wè nan Rezime Jounen-an paske li montre tout klas ki nan orè elèv la san ke li pa di si li ap rankontre nan jou-a ou pandan trimès la.

2013 - 2014 Schedule								
Course	Description	Periods	Teacher	Room	Days	Marking Periods	Building	Status
LM451 - 11	<a href="#">Social Studies 7</a>	A	<a href="#">Meechin, Christopher</a>	2A30	1, 2, 3, 4, 5, 6	M1, M2, M3, M4	Breed Middle School	Active
LM251 - 12	<a href="#">Mathematics 7</a>	B	<a href="#">White, Alexandria</a>	2A47	1, 2, 3, 4, 5, 6	M1, M2, M3, M4	Breed Middle School	Active
LM163 - 7	<a href="#">Structured Lang &amp; Lit</a>	C	<a href="#">Jesus D'Amico, Elizabeth</a>	1A50	1, 2, 3, 4, 5, 6	M1, M2, M3, M4	Breed Middle School	Active
LM351 - 3	<a href="#">Life/Phys Sci 7</a>	D	<a href="#">Rodriguez, Roy</a>	2B11	1, 2, 3, 4, 5, 6	M1, M2, M3, M4	Breed Middle School	Active
LM501 - 6	<a href="#">Music grade 7</a>	E	<a href="#">Laprise II, Richard</a>	1E39	1	M1	Breed Middle School	Active
LM801 - 6	<a href="#">P.E. 7</a>	E	<a href="#">Correnti, Joseph</a>	GYM	2	M2	Breed Middle School	Active
LM521 - 6	<a href="#">Visual Arts 7</a>	E	<a href="#">Guay, Christine</a>	2E22	3	M2	Breed Middle School	Active
LM2197 - 6	<a href="#">Engineer/Tech 7</a>	E	<a href="#">Shurtleff, William</a>	1E07	4	M3	Breed Middle School	Active
LM807 - 6	<a href="#">Health 7</a>	E	<a href="#">Wiendczak, Joan</a>	1A33	5	M4	Breed Middle School	Active
LM1397 - 6	<a href="#">Manufacturing 7</a>	E	<a href="#">Flynn, Edward</a>	1E18	6	M4	Breed Middle School	Active
LM151 - 9	<a href="#">English Lang &amp; Lit 7</a>	F	<a href="#">Gidaris-Papantonakis, Val</a>	2A05	1, 2, 3, 4, 5, 6	M1, M2, M3, M4	Breed Middle School	Active
LM692 - 2	<a href="#">French 1A</a>	G	<a href="#">Navleris, Akrivi</a>	2E02	1, 2, 3, 4, 5, 6	M1, M2, M3, M4	Breed Middle School	Active

Kategori	Deskripsyon
Kou	Nimero kou ki nan orè elèv la. Si gen nòt sou yon klas, ou ka klik  pou wè ekran ki gen nòt sou klas la.
Deskripsyon	Non klas la. Pou plis enfòmasyon sou klas la, ou ka klik lyen deskripsyon pou wè ekran Enfòmasyon sou Klas la.
Lè	Tan lè klas la fonksyone.
Profesè	Profesè ki anseye kou-a. Si yon non profesè parèt kòm yon lyen, ou ka klik sou li pou voye yon imèl bay profesè-a.
Chanm Klas la	Sal kote kou-a fonksyone.
Jou	Jou chak lè kou-a fonksyone.
Trimès	Epòk lè kou-a ap fonksyone.
Lokal	Edifis kote kou-a ap fonksyone.
Progrè (Status)	Sa endike si kou elèv la ladan lan aktif ou abandone. Lis klas ki abandone yo visib anba paj la.

Prezans

Klik sou **Prezans (Attendance)** nan tablo general la pou wè lè pitit ou-a te absan ou an reta. Si pitit ou-a PA ABSAN ou li pa janm an reta ou li pa gen okenn lòt bagay ki gen pou wè ak prezans pandan jou-a, pap gen anyen ki ap parèt nan seksyon sila.



**Eksplikasyon Prezans Lan**

- Note ke chak absans an koulè. Sa pral ede-w wè ki tip absans ak reta ki nan dosye pitit ou-a kòm yon elèv.
- Si ou gen kesyon sou sa ki ekri nan **Prezans** lan, tanpri kontakte moun ki an chaj prezans nan lekòl pitit ou-a.
- Jou ki nan koulè gri yo, se pa pou absans ak reta.
- Pou wè mwa ki pase ou ki pral vini, peze sou "<<" ou ">>" selon sa-w vle fè-a.

## Travay Nan Klas

Peze sou **Travay nan Klas (Classwork)** sou tablo prensipal la pou ka wè travay ak nòt pitit ou-a. Dat yo te bay yon devwa e lè li dwe remèt afiche sou paj Devwa nan Klas la, ansanm ak Kategori e deskripsyon devwa-a. Pwen elèv la resevwa ak pi gro pwèn ki posib afiche nan kolòn ki rele Pwen ak Eskò, respektivman.

Paj devwa-a montre mwayèn elèv la pou chak klas ki anba Non ak Nimero Kou-a. Paj la montre tou Mwayèn Klas la pou chak devwa nan klas la.

### “Filtè” pou Ekran Devwa yo

Yon filtè pèmèt ou chwazi sa’w vle montre sou ekran an.

**View Classwork For**    **for Report Card Run**    4    **Order by**    Class    Refresh View    Hide All

(All Classes)

**Gade devwa Pou:** Ou ka wè yon klas a la fwa ou wè tout klas yo lè ou peze sou flèch ki montre direksyon anba-a. Ou ka chwazi yon klas espesifik e peze sou bouton Rekòmanse-a (Refresh).

**Pou tcheke Kanè:** yon ‘tchèk sou kanè’ se yon system nòt, pou Trimès segondè se 1, 2,3 ou 4.

**Òd:** Ou ka separe kòman ou wè devwa yo pa klas ou pa dat.

**Wè Rezilta:** Apre ou fi-n chanje filtè anlè yo, peze bouton **WÈ REZILTA** pou wè rezilta espesifikasyon ou yo.

**Tablo Nòt Yo**

**Not:** Manyèl sila sèvi kòm yon gid pou itilize **Sant Aksè Lakay**. Kesyon sou kalkilasyon nòt, konparezon nòt ou nenpòt lòt règ konsènan nòt nan Lekòl Piblik Lynn dwe adrese a profesè pitit ou-a.

Tablo Nòt sila pral montre bagay sa yo pou chak kou elèv la ap pran:

LY201 - 13 World History II										Hide	Average up to today 96.55%		Last Updated: 6/19/2013
Date Due	Date Assigned	Assignment	Category	Score	Weight	Weighted Score	Average Score	Total Points	Weighted Total Points				
06/19/2013	06/19/2013	Final Essay	Tests	85.00	1.00	85.00	79.70	100.00	100.0000				
Categories													
Category	Student's Points	/ Maximum Points	= Percent	* Category Weight	= Category Points								
Classwork	99.00	100.00	99.00%	15.00	14.85000								
Quizzes	97.00	100.00	97.00%	10.00	9.70000								
Tests	480.00	500.00	96.00%	75.00	72.00000								
<b>Totals:</b>				<b>100.00</b>	<b>96.55000</b>								

**Nimero Kou-a:** nimero kou-a sitye anlè agoch Tablo Nòt la. Yon ti deskripsyon pral akonpanye nimero kou-a. Nan ekzanp anlè-a, "LY201" se nimero kou-a, "13" se seksyon kou-a, "World History II" se non li.

**Bouton Kache:** Ou ka kache/montre devwa ak nòt yo pou yon kou lè'w peze sou bouton Kache/Montre-a.

**Nòt Mwayèn pou Devwa:** se mwayèn de tout nòt elèv ou-a pou kou-a.

**Not:** Mayèn pou Devwa ka gen nòt pou devwa e eskò ki poko piblye.

**Dat pou Remèt ak Dat Resevwa:** dat pou remèt la se dat ke devwa te dwe remèt ou, nan ka de yon ti tès, se dat li te bay. Dat resevwa la se dat yo te bay devwa-a la.

**Tach:** deskripsyon devwa, tès ou ekzamen.

**Kategori:** se ki tip kategori ki asosye ak devwa, tès, ou ekzamen an.

**Eskò:** se nòt pitit ou-a resevwa pou yon devwa, tès ou ekzamen.

**Pwa:** Mezi sila itilize pou kalkile mezi eskò-a.

**Eskò Mezire:** Sa se eskò yon etidyan apre Pwa a fi-n miltiplye pa Eskò-a.

**Pwen Total:** se pi gro pwen ke elèv ou-a ka resevwa pou yon devwa, yon tès ou ekzamen.

**Rapò Progrè Enterim ak Kanè**

Peze sou lye ki rele Rapò Progrè Enterim ak Kanè nan lè IPR yo ou Kanè yo ap fèt. Ou pral wè yon vèsyon elektronik de rapò sila lè moman apwoprye.

## Enskripsyon

Klik sòl yon Enskripsyon-an pou enfòmasyon ki konsène etidyan-an.

Si enfòmasyon sou pitit ou-a pa kòrèk ou genyen ki pa rantre nan sistèm lan, tanpri pa ezite kontakte biwo lekòl la pou yo ka korije dosye-a pou montre chanjman ou mande yo.

## Elèv Mwen Yo

Si ou gen plis ke yon etidyan nan Lekòl Piblik Lynn, lyen sila pral parèt nan tablo prensipal la. Si ou sèlman gen yon etidyan nan distri-a, lyen sila pap parèt. Imedyatman ou peze sòl yon sila, ou pral wè tout pitit ou yo e ou kapab fè ale vini ant dosye pitit ou yo.

**Not:** Si ou gen plis ke yon pitit ki anrole nan distri-a men lyen ki rele Pitit Mwen Yo pa parèt, pitit ou pa konekte nan sistèm lan. Tanpri fè lekòl la konn sa pouke yo ka korije erè sila.

**Profil Mwen**

Klik sou lyen **Profil Mwen (My Profile)** nan lis prensipal la pou chanje non ak mo pas ou-a ou pou chanje kesyon ak repons pou sekirite yo.

**Chanje Mo Pas Ou**

1. Apre ou fi-n klik sou lyen **Profil Mwen-an**, nan lis prensipal la, rantre mo pas lan kote ki di **Ansyen Mo Pas** la.

**Change Password**

**Old Password:\***

**New Password:\***

**Confirm New Password:\***

2. Rantre **Nouvo Mo Pas la** e **Konfime Nouvo Mo Pas la** nan kote yo mande-w pou fè sa-a.
3. Peze sou bouton **CHANJE MO PAS MWEN An**. Yo pral di-w ke mo pas ou-a chanje.

**Chanje kesyon ak repons pou sekirite-w yo**

1 Apre ou fi-n klik sou lyen **Profil Mwen-an** nan lis prensipal la, chwazi teks ki nan youn nan **Kesyon-w yo**. Tape nouvo kesyon-an.

**Compose 2 challenge questions and provide appropriate answers**

Questions	Answers
Where were you born?	Atlanta
What is your dog's name?	Champ

2. Chwazi youn nan menm kote-a e rantre nouvo repons ou-a.
3. Fè menm jan pou lòt kesyon ak repons lan si nesesè.
4. Klik sou bouton **CHANJE KESYON TÈS YO**.

## Debranche nan Sistèm Lan

Lè'w fi-n wè ak/ou kopye enfòmasyon pitit ou-a; tanpri debranche sou Sistèm Sant Aksè Lakay la.

Pou debranche ou dwe peze sou kote ki di DEBRANCHE (LOG OUT) anlè kwen bò dwat paj la. Peze OK lè mesaj la mande'w si ou vle kite Sant Aksè Lakay la.

Men tou, Sant Aksè Lakay la pral fèmen otomatikman apre 20 minit ke li rete san'l pap itilize'l.

*Haitian Creole*